


Konprann Byennèt Timoun nan Etazini pou Jèn ak Fanmi Refijye yo



Kisa byennèt timoun ye?

Byennèt timoun se yon seri sèvis ki ede kenbe timoun yo an sekirite epi sipòte fanmi yo lè gen enkyetid konsènan sekirite oswa swen yon timoun. Sèvis byennèt timoun yo gen ladan yo sèvis prevansyon, sèvis pwoteksyon timoun, swen nan fanmi akèy, ak adopsyon.



Objektif byennèt timoun yo se:

- Kenbe timoun yo an **sekirite**
- **Sipòte** paran ak moun kap bay swen yo
- Ede fanmi yo **rete ansanm** chak fwa li an sekirite
- Asire w ke timoun yo grandi nan **kay ki an sekirite epi ki estab**

Kijan Byennèt Timoun Ka Sipòte Ou

Sipò pou byennèt timoun anjeneral se yon sèvis a kou tèm epi li konsantre sou ede fanmi yo stabilize epi rete ansanm an sekirite. Nan anpil ka, sèvis yo ka kòmanse menm anvan yon kriz rive, konekte fanmi yo ak resous kominotè yo, bay jesyon ka, epi kowòdone avèk lekòl yo, doktè yo, ak lòt sipò ou ka fè konfyans. Pwogram prevansyon yo fèt pou adrese defi yo byen bonè, ranfòse fanmi yo, epi diminye nesosite pou entèvansyon ki pi entansif.



Sèvis prevansyon sa yo anjeneral volontè epi yo pa enplike Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS). Byennèt timoun pa gen entansyon jije oswa pini paran yo, ni li pa otomatikman lakòz yo retire timoun yo lakay yo. Li pa gen rapò ak aplikasyon lalwa imigrasyon an non plis. Pou plis enfòmasyon sou sèvis prevansyon ki disponib nan kominote w la, kontakte responsab dosye w la oswa ajans lokal byennèt timoun an.

Konprann Rapò Obligatwa

Rapò obligatwa vle di ke lalwa egzije kèk pwofesyonèl pou rapòte enkyetid konsènan sekirite yon timoun bay sèvis pwoteksyon timoun (CPS).

Pwofesyonèl sa yo ka gen ladan yo:



Pwofesè yo ak pèsònèl lekòl la



Doktè, enfimiyè, ak lòt founisè swen sante yo



Travayè sosyal ak responsab ka yo



Gadri timoun founisè yo



Konseye ak teraplis yo



Ofisyè lapolis yo

Moun ki gen obligasyon pou rapòte yo **dwe fè yon rapò bay CPS**. Iè yo kwè yon timoun te sibi abi oswa neglijan. Yo pa oblije pwouve ke te gen abi—sèlman pou pataje enkyetid yo pou CPS ka egzamine yo.

- **Enpòtan pou sonje:** Rapò obligatwa a gen pou objèktif pou pwoteje timoun yo.
- Fè yon rapò bay CPS se yon fason pou pwofesyonèl yo mande èd lè yo enkyete pou sekirite yon timoun.
- Yon rapò pa toujou lakòz nou fè yon ankèt oswa retire yon timoun nan kay li.

